अध्याय 5



# गाछ-बिरीछ आ जीव-जन्तु सङ्गे रहैत छथि

अध्याय 4 मे हमसब बहुत रास गाछ-बिरीछ देखलहुँ। की अहाँ देखलहुँ जे जतए गाछ-बिरीछ अछि, ओतए जानवर सेहो अछि? ध्यानसँ देखू आ अहाँ देखब जे अहाँ जाहि गाछ-बिरीछ कँ देखैत छी ओकर लगपास आ नीचामे सेहो बहुत रास जीव-जन्तु रहैत अछि!



© NCERT not to be republished

एतय गाछक सङ्ग रहएबला जानवरसभक किछु चित्र देल गेल अछि। चित्रसँ अहाँ एहिमेसँ कोन जानवरकेँ चिन्हैत छी? ओहिमे सँ अहाँ पहिने कोन देखलहुँ? एहिमेसँ कोन जानवर माटिक निच्चाँ रहैत अछि?


घास खाइत हाथी


पात पर आराम करैत फतिङ्गा


पात चिबाबैत इल्ली


पात आ माटि पर चलैत चाली


गीत गबैत दर्जी चिड़ै


गाछ खोधैत एकटा कठखोधी


पातसँ अपन घर बनबैत चुट्टी


एकटा पात पर ललका महकौआ कीड़ी


एकटा पात पर आराम करैत बेङ्ग


पात पर बैठल तितली


नुकएबाक आ आराम करबाक लेल गाछक कोटर वा धोधरि केर उपयोग करैत लुक्खी


घोंसला बनएबाक लेल गाछक कोटर केर उपयोग करैत बसन्त चिड़ै

© NCERT not to be republished



## चर्चा करू

पृष्ठ 63 पर देखाओल गेल कोन जानवर, की अहाँ पहिले देखलहुँ? वर्णन करू जे अहाँ ओकरा कतए आ कोना देखलहुँ। अपन अंगुरी, हाथ आ बांहि के प्रयोग करू ई देखाबै लेल जे ई जानवर कतेक छोट या पैघ अछि!

**खोज करू**

ई जीव-जन्तु गाछेक लग किएक रहबाक विकल्प चुनैत अछि?

### *माटि मे जीवन*

गाछ-बिरीछक बगलमे माटि पर ठाढ़ भए जाउ। जँ अहाँ सहज छी तखन अपन जूता हटा दियौ।

अहाँक पैरक नीचा माटि कोन रङ्गक अछि?



## गतिविधि 1

अपन मित्र गाछक लग अपन हाथसँ कनिक माटि उठाउ।

- इ केहन लगैत अछि आ केहन लगैत अछि?
- की ई सुखाएल, नम, खरखर, चिक्कन, कठोर वा दानादार अछि?
- की अहाँकेँ माटिमे कोनो पात वा कीड़ा भेटल?
- आब एहि माटिक गन्ध लिअ आ एकरा याद राखू।

| | | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| हमरा माटि लागल | खुरखुर | ☐ | चिक्कन | ☐ | कठोर | ☐ | दानादार | ☐ |
| हमर माटिमे छल | किछु नहि | ☐ | पात | ☐ | छोट आंकड़-पाथर | ☐ | कीड़ी | ☐ |

© NCERT not to be published



बरखाक एक दिनक बाद उपरोक्त गतिविधिकेँ दोहराउ। याद राखू जे ओही जगहसं माटि उठाउ। की अहाँकेँ माटिक रूप, स्पर्श आ गन्धमे कोनो अन्तर भेटल?

कोनो गाछसँ बहुत दूर, दोसर स्थानसँ कने माटि उठाउ। की ई ओहि माटिसँ अलग अछि जे अहाँ पहिने जमा केने छलहुँ? कोना?

माटिकेँ बहुत सतर्कतासँ जाँच करू। एहिमे अहाँ कोन छोट-छोट चीज देखलहुँ?

माटि पृथ्वीक सतह केर सबसँ ऊपरका परत अछि। माटि ओहि पाथरसँ बनैत अछि जे छोट-छोट टुकड़ीमे टूटि गेल अछि, सङ्गहि पुरान पात, जड़ि, धड़ आ कीड़ा-मकोड़ा जकाँ जीवित आ मृत जीव-जन्तुसँ बनल अछि।



माटिमे बहुत रास कीड़ा आ आन जीव रहैत अछि। किछु अहाँ देख सकैत छी, आ किछु देखबामे अति सूक्ष्म अछि। माटिक ऊपरका परत पर आ घास आ पातक बीच घूमैत अहाँकेँ चुट्टी, दीबार, छोट-छोट झीङ्गुर आ फतिङ्गी सम कीड़ी भेटि सकैत अछि।



जखन बरखा होइत अछि आ माटि भीजल रहैत अछि तखन चाली आ अँखिफोड़बा सम अन्य जीव सेहो देखा सकैत अछि। अहाँकेँ माटिमे बेसी घास आ आन गाछ सेहो उगैत भेटि सकैत अछि।

## चर्चा करू

बरसातक समयमे अहाँकेँ लगपासमे कतेको आओर गाछ आ जीव भेटि सकैत अछि। ई नब गाछ-बिरीछ आ जीव कतएसँ आँल? अहाँ ओकरा पहिने किएक नहि देखि पएलहुँ?

## गतिविधि 2

अपन मित्र गाछक लग ठाढ़ भऽ जाउ आ चारूकात देखू। कतेक प्रकारक जीव-जन्तु अहाँ देख सकैत छी? शब्दमे ओकर वर्णन करू आओर सारणीमे भरि दियौ। जँ आवश्यक हुए तँ अहाँ देल गेल चित्रक उपयोग कए सकैत छी।

© NCERT not to be republished

| हम देखलहुं... (विवरण) | ओ कथी पर छल... | ओ की कऽ रहल छल? |
|---|---|---|
| एकटा छोटका कुदकएबला कीड़ी | घास | लगमे कूदि रहल छल |
| एकटा पातर गाछ जे घुमबदार अछि | कोनो दोसर गाछक लगमे | किछु नहि |
| एकटा कारी चिड़ै | | |
| | | |
| | | |


सड़ैल फल पर ललका कीड़ी


उड़ैबला ललका कीड़ी


पात पर चुट्टी


लैटानाक फूल पर रङ्ग-बिरङ्गक तितली


एकटा चखान पर गिरगिट

**शिक्षक लेल**

किछु कीड़ा माटिसँ निकलबाक लेल बरखा केर प्रतीक्षा करैत अछि। गाछक बीया माटिमे बेसी समय धरि रहि सकैत अछि आ बरखा भेला पर वा पानि पड़ला पर अङ्कुरित भऽ सकैत अछि।



## की अहाँ जनैत छी

जीव-जन्तु, चिड़ै आ कीड़ीसभ भोजन, आश्रय आ विश्रामक लेल गाछक विभिन्न भागक उपयोग करैत अछि।



गाछक पात खाइत ऊँट



उल्लू एहन चिड़ै अपन बच्चाक पालन-पोषण लेल गाछक खोह केर उपयोग करैत अछि



लुक्खी आ कौआ अपन घोसला बनएबाक लेल आ अपन बच्चाक पालन-पोषण लेल गाछक ठाढ़ि केर उपयोग करैत अछि।



बानर सभ गाछक फल खएनाइ पसीन करैत अछि



सुरजा चिड़ै आ तितली फूल सभसँ रस चुसैत अछि



दर्जी चिड़ै अपन घोसला गाछ पात सीब कऽ बनबैत अछि



© NCERT not to be republished



बादुर आ बनबिलाड़ि आराम करबाक लेल आ आश्रयक लेल गाछक ठाढ़िक उपयोग करैत अछि



इल्ली भोजनक लेल गाछक पात खाइत अछि।

एहिमेसँ कतेक जानवर अहाँ देखने छी? ओकरा देखबाक प्रयत्न करू!

## गतिविधि 3

### चिड़ैसभक ध्वनि

- अपन आँखि बन्न करू आ चिड़ै केर अवाज सुनबाक प्रयत्न करू।
  की अहाँकेँ कोनो चिड़ै केर आवाज सुनाइ देलक?
  की अहाँ देखि सकैत छी जे कोन चिड़ै ई अवाज कऽ रहल अछि?
- चित्रमे देखाओल गेल अपन हाथसँ अपन कानकेँ कप करू आ अपन मुँह चिड़ै केर ध्वनिक दिशा दिस राखू। की अहाँ अवाज बेसी स्पष्ट रूप सँ सुनि सकैत छी?



© NCERT not to be republished

## अलग-अलग चिड़ै, अलग-अलग ध्वनि

- चिड़ै के आवाज के याद करू जे अहाँ सुनने छी। अलग-अलग चिड़ै जे ध्वनि करैत अछि ओकरा उत्पन्न करबाक प्रयास करू।
- आब निम्नलिखित तालिकामे कोनो चिड़ैक आवाज लिखबाक प्रयास करू जे अहाँ सुनने छी।

| चिड़ै क' नाम | ध्वनि बनल |
|---|---|
| पड़बा | गुटर-गू |
| | |
| | |
| | |
| | |
| | |

- जँ अहाँ चिड़ै के कोनो आवाज नहि सुनैत छी तखन अहाँ के की लगैत अछि जे एकर कारण की अछि?
- अहाँकेँ चिड़ै केर अवाज सभसँ बेसी कखन सुनाइत अछि?

    भोर मे?

    दुपहर मे?

    साँझ मे?





© NCERT not to be republished

## आउ मन्थन करू!

### A. चर्चा करू

1. पछिला गतिविधिमे अहाँ जे दूटा माटिक नमूनाक संग्रह कएने छलहुँ ओकर रङ्ग आ बनाओटि की छल? कोन महीनामे अहाँ ओकरा लेलहुँ? की ओकर गन्ध भिन्न छल? की अहाँ गन्धकैं वर्णन कए सकैत छी?
2. अहाँ जाहि गाछ-बिरीछक अवलोकन कए रहल छलहुँ ओहि पर कोन मासमे ताजा नब पात अबैत अछि?
3. गाछक आसपास अहाँ कोन जानवर, चिड़ै आ कीड़ा-मकोड़ा देखलहुँ?
4. स्मरण करू आ लिखू जे जानवर, चिड़ै आ कीड़ा-मकोड़ा कोना गाछ पर निर्भर रहैत अछि। अहाँक पसीन केर कोनउदाहरण छल?
5. माटि कोना कऽ बनैत अछि?

### B. लिखू

| | | |
|---|---|---|
| दूटा जानवरक नाम जकरा अहाँ गाछक लग वा गाछ पर देखलहुँ। | | |
| एहि जीवक आकार, आकृति आ रङ्गक वर्णन करू। | | |
| अनुमान लगाउ जे ई जानवर एहि गाछक लग किएक रहैत छल। | | |
| एहि जानवरक बारेमे अहाँ आओर कोन रोचक बात देखलहुँ? | | |

© NCERT not to be republished



## C. चित्र बनाउ

याद राखू जे अहाँ अपन मित्र गाछक बारेमे लिखने छलहुँ। आब प्रयास करू आ अपन गाछ मित्रकेँ चित्र बनाउ। अपन चित्रमे अलग-अलग रङ्गक छोट-छोट बिन्दुक प्रयोग करू जाहिसँ ओ स्थान देखाओल जा सकए जतए अहाँ जीव, चिड़ै वा कीड़ा-मकोड़ाकेँ देखलहुँ।

## D. क्रममे राखू

एक दिन सुमाकेँ एकटा इल्ली भेटल तग्गर केर गाछ पर। हुनका ई रोचक लागल। ओ 10 मिनट धरि एकरा निहारलनि। ई लगातार कोमल पात खा रहल छल। हुनक मेआ हुनका लग आबि गेलीह। ओ हुनका रोज इल्लीकेँ अवलोकन करबाक लेल बतौलनि। सुमा बेसी उत्सुक भऽ गेलीह।

कोनो बुजुर्गसँ मनतब लिय आ निम्नलिखित परिवर्तनकेँ क्रममे व्यवस्थित करू।

- ☐ आब ई एकटा तितली बनि गेल।
- ☐ इल्ली एकटा कोकून बनौलक।
- ☐ ई धीरे-धीरे उड़ि गेल।
- ☐ एक दिन ई खएनाइ बन्न क देलक।
- ☐ ई कोकून सँ बाहर निकलल।

© NCERT not to be republished



